



Reniblik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



AVI ÒF TRAVAY POU RESPONSAB PWOJÈ

Akademi Kreyòl Ayisyen an se yon enstitisyon Leta k ap travay pou kore devlopman Lang ak Kilti Kreyòl la nan sosyete a. Akademi an, nan kad travay li, ap rekrute yon Responsab Pwojè k ap travay nan Direksyon Syantifik Akademi an anba sipèvizyon Direktè a. Responsab Pwojè a ap reponn ak egzijans sa yo:

Travay Responsab Pwojè a ap gen pou fè:

- Patisipe nan elaborasyon pwojè syantifik ak tout lòt pwojè Akademi an ;
- Patisipe nan elaborasyon dokiman syantifik Akademi an ap gen pou li pibliye;
- Planifye epi òganize evenman syantifik yo;
- Kowòdone travay pou piblikasyon revyèl syantifik Akademi an;
- Patisipe nan montaj ak jesyon yon rezo syantifik (intènasyonal) k ap fè rechèch sou lang kreyòl;
- Kreye epi jere bonjan relasyon ak inivèsite yo, laboratwa rechèch yo;
- Fè envantè dokiman syantifik (liv, revyèl syantifik elatriye) ki trete kesyon lang kreyòl;
- Prepare rekizisyon pou dokiman syantifik yo ansann ak sekretè direksyon syantifik la;
- Patisipe nan preparasyon bidjè anyèl direksyon syantifik la;
- Kowòdone suivi ak evalyasyon pwojè yo;
- Kowòdone ekzekisyon pwojè yo;
- Patisipe nan elaborasyon rapò ak bilan sou aktivite direksyon syantifik la;

Fòmasyon ak konpetans pou pòs la:

- Kandida a dwe genyen yon diplòm « Master II » pou pi piti nan domèn Syans Sosyal;
- Kandida a dwe genyen twa (3) lane eksperyans nan domèn Syans Imèn ak Sosyal;
- Kandida a ka genyen fòmasyon nan lengwistik kòm yon diplis;
- Kandida a ka gen konpetans nan kominikasyon angle, espanyòl kòm diplis.

Kalite pou pòs la:

- Kandida a dwe genyen kapasite pou li travay an ekip ;
- Kandida a dwe genyen sans responsabilite ;
- Kandida a dwe polivalan ;
- Kandida a dwe devlope lespri kreyatif epi inovè nan ekip la;
- Kandida a dwe pran inisyativ;
- Kandida a dwe montre dispozisyon pou respè prensip etik pwofesyonèl ;
- Kandida a dwe montre kapasite otonomi ;
- Kandida a dwe montre bonjan kapasite pou li kominike epi pou li devlope bon relasyon sosyal ;

Kandida a dwe voye : kourikoulòm li (CV), lèt motivasyon li ak de (2) foto sou imel pou pita **15 novanm 2017** avan 4è00 nan aprèmidi; li kapab pase depoze dosye a nan lokal Akademi an, nan # 6, ri Magerit, Tijo (#6, rue des Marguerites, Turgeau). Pou plis enfòmasyon rele nan nimewo sa yo: 3333-0815 / 2817-5964; oswa ekri sou adrès imel sa yo: sekretaryaakademisyen@gmail.com / enfomasyon@akademikreyol.net